



Academia Margarita Muñiz *Margarita Muñiz Academy*

Dania I. Vázquez, Ed.D., Direktris Lekòl

Antonio Arvelo ak Dan Abramowski, Direktè Asosye

Memorandòm

Pou : Jeri Robinson, Prezidan Komite Skolè Lekòl Piblik Boston
Sot nan men : Dania Vázquez, Direktris Lekòl Margarita Muñiz Academy
Osijè : Plan Inovasyon pou Ane Skolè 2023 jiska 2027
Dat la : 15 mas, 2022

Lekl Muñiz Academy ap fè demann pou apwobasyon Plan Inovasyon nou an pou ane skolè 2023 jiska 2027. Plan sa a reprezante twazyèm peryòd inovasyon an pou lekòl Muñiz Academy :

- 1yè Peryòd la, 2012 – Etablisman premye Lekòl Segondè Doub Lang nan Boston ak New England
- 2yèm Peryòd la, 2018 – Elaji klas yo pou n gen klas 7yèm jiska 12yèm ane
- 3yèm Peryòd la, 2018 – Enplemantasyon « Muñiz Portrait of the Scholar » (Pòtrè Savan Muñiz) ak « City as Campus Model » (Vil la antanke yon modèl lokal edikasyonèl)

Plan Inovasyon an te fòmile an konsè avèk divès manm pèsònèl, elèv, fanmi, ak patnè kominotè. Ekite se yon wòch fondasyon ki reflekte nan plan an ki asire ke chak elèv nan kominote nou an gen aksè nan divès opòtinite pou inivèsite ak karyè, diplome avèk yon plan (yon pwojè), e jwenn sipò menm aprè yo fin diplome. Rezilta previ Plan Inovasyon sa a se ke n ap pral kreye e enplemante modèl « Portrait of the Scholar and City as Campus » la (ki vle di : Pòtrè yon savan ak vil la kòm yon lokal edikasyonèl) ki reyimajine ansèyman ak aprantisaj avèk yon modèl kominotè ki baze sou lokal yo.

Apwobasyon Pwopozisyon Inovasyon lekòl Muñiz Academy a ap asire kontinyasyon reyalizasyon vizyon ak misyon lekòl la, e kreye divès opòtinite nan tout distri a pou plis elèv ak fanmi Boston ki enterese nan yon pwogram doub lang lekòl segondè. Pwopozisyon an avanse divès objektif kle distri a pou bouche twou ki egziste nan opòtinite ak akonplisman elèv yo, e aplike divès pratik ki pou soutni kilti yo ak lang yo.